



Ranpòte Prim ak Jwenn Rekonpans!

Y ap fè apèl a tout atis nan Lekòl Entèmedyè yo ak Pwotektè Anviwònman yo

Y ap anonse 'Konkou Afich We All Live in a Watershed (Nou tout ap viv nan yon Basen vèsan)' la

Gras a patwonaj Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York (NYS Department of Environmental Conservation) ak Asosyasyon Anviwònman Dlo New York (New York Water Environment Association)

Sijè Konkou a

Sa ou fè lakay ou ak nan kominote ou afekte tout moun ki nan anba dlo a parapò a oumenm. Bi konkou afich sa a se pou ankouraje elèv yo aprann wòl yo genyen nan basen vèsan kote y ap viv la ak pou yo konnen fason pou konsève ak pwoteje resous dlo nou yo jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo.

Montre kijan "Nou tout ap viv nan yon Basen vèsan"!

Afich la dwe transmèt mesaj sa a aklè.

Egzijans yo pou Afich la

Afich la dwe gen ladan travay atistik orijinal ki desine alamen - okenn afich oswa desen pa dwe kreye nan konpitè. **Yo pa pral asepte** Pèsonaj ki anba pwoteksyon Dwadotè (tankou Superman, Batman, elatriye) ni desen kolaj (clipart).

Materyèl: Ou ka itilize nenpòt kalite sipò materyèl, tankou akwarèl, plim ak lank, kreyon koulè, lakrè ak makè.

Gwosè: 8 ½" x 11", prezantasyon orizontal

Fon: Blan sèlman, pa itilize aryè-plan papyè koulè

Yo pral fè ekspozisyon afich yo pou piblik la epi afich yo dwe fasil pou wè oswa pou li. Yo pral rasanble afich ki ranpòte laviktwa yo pou distribye yo sou fòm yon kalandriye 2020.

Prim ak Rekonpans yo

Chak patisipan ap resevwa yon Sètifika Rekonesans.

Yo pral mete 14 meyè afich yo nan yon kalandriye 2021 ki pral distribye nan tout Eta New York.

14 elèv ki ranpòte laviktwa yo ap resevwa afich yo a ki ankadre ansanm ak yon envitasyon nan yon evènman seksyon lokal NYWEA ap òganize.

Kimoun ki Kalifye?

Tout elèv lekòl entèmedyè nan lekòl leta ak prive yo nan Eta New York kalifye pou patisipe nan konkou afich la. **Yon elèv pou chak afich.**

Pwosedi Jijman an

Estaf DEC ak NYWEA pral egzamine tout afich yo epi y ap chwazi 30 meyè antre yo. Manm NYWEA ak pèsonèl DEC ap vote pou 14 afich ki ranpòte laviktwa yo.

Kritè pou Jijman

- Mesaj klè ak kòrèk ki transmèt pa mwayen tèks ak travay atistik
- Kreyativite, orijinalite ak kalite atistik
- Klète vizyèl

Tanpri Pa bliye...

- Antre yo dwe respekte egzijans yo pou afich yo.
- Tache fòm otorizasyon ou jwenn la a nan do afich la.
- Tout travay atistik ki soumèt yo vin pwopriyete NYSDEC ak NYWEA epi yo pral repwodui yo.

Gade sou lòt bò Fòm Otorizasyon an
Dat limit pou Resevwa
Afich yo se vandredi 10 janvyè 2020



Department of
Environmental
Conservation

Fè Rechèch ki Nesèsè yo

Nou ankouraje ou fè rechèch sou sijè “We all live in a watershed (nou tout ap viv nan yon basen vèsan)” dekwa pou postè yo montre sijè konkou a. Sitwèb annapre la yo ka ede ou nan rechèch ou an:

- NYSDEC – <https://www.dec.ny.gov/chemical/74997.html> – enfòmasyon sou basen vèsan yo
- NYSDEC – <http://www.dec.ny.gov/public/43661.html> – aprann fason pou ede kenbe dlo pwòp
- NYWEA – www.nywea.org – ansanm ak nouvo Liv pou Timoun sou Valè Dlo (Value of Water)
- USGS Water Science School – <http://water.usgs.gov/edu>
- Paj Syans EPA Kids – www.epa.gov/students

Ide Plan Leson

Yo te prepare yon plan leson pou “Nou tout ap viv nan yon basen vèsan”, ki se yon prezantasyon PowerPoint pou pwofesè yo ak yon fèy travay pou elèv yo (ki bibliye nan <https://www.dec.ny.gov/education/32108.html>). Leson an gen ladan fason pou lokalize yon basen vèsan ak idantifye sous polisyon posib nan basen vèsan an. Leson an fèt pou elèv yo brase lide pou jwenn solisyon pou diminye ak anpeche polisyon nan basen vèsan an.

Pwojè Edikasyon sou Dlo pou Pwofesè yo (Water Education for Teachers, WET) se yon koleksyon aktivite inovatè ki gen rapò ak dlo ki fèt pou yo itilize nan salklas Kindègadenn rive nan 12yèm ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwojè WET la nan Eta New York, ale sou sitwèb DEC nan www.dec.ny.gov/education/1902.html. Gen lòt resous disponib sou sitwèb nasyonal Pwojè WET la nan <http://www.projectwet.org>.

Sijè Cho

Aktivite moun kite dèyè yo materyo tankou pestisid, dechè bèt kay, fatra e menm tè ke dlo ka charye al lage nan dlo nou yo epi polye yo. Gen anpil mezi moun ka pran pou pwoteje dlo—utilizasyon kòrèk angrè, antretyen tank septik, plante vejetasyon toutolon rivaj la (zòn tanpon), netwaye dechè bèt kay yo, plante jaden lapli, ponpe dlo sot nan bato yo kòrèkteman, epi ede anpeche devèsman dlo egou yo (pa jete matyè gra oswa grès; pa flòch kouchèt, ti sèvyèt mouye tibebe ni pwodui ijyèn pèsònèl yo).

Fòm Otorizasyon

Chak afich dwe gen yon fòm otorizasyon ki tache byen fèm nan do afich la. **Yon afich ki pa gen ansanm ak li yon fòm otorizasyon ranpli pa pral kalifye pou jijman.**

Voye li nan kourye lapòs bay: NYSDEC – Calendar Contest
625 Broadway, 4th Floor
Albany, NY 12233-3508

Pou wè gayan anvan yo ak pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nou yo nan www.dec.ny.gov/education/32108.html ak www.nywea.org oswa rele Cassandra Davis NYSDEC nan (518) 402-8152.

FÒM OTORIZASYON: Tanpri ekri aklè an lèt detache

Tache fòm sa a nan do chak afich

Non Elèv la: _____ Klas: _____

Lekòl: _____

Pwofesè: _____

Adrès Imèl Pwofesè a: _____

Adrès Lekòl la: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn Lekòl la: () _____

AK DOKIMAN SA, MWEN SÈTIFYE SE ELÈV LA KI TE KREYE AFICH SA A DELATÈTOPIYE EPI SE TRAVAY ATISTIK ORIJINAL ELÈV LA. MWEN AKSEpte pou yo KA EKspoZE OSWA PIBLIYE LI pou PIBLIK LA A NENPÒT KILÈ PANDAN OSWA APRE KONKOU A. MWEN KONPRANN AFICH SA A VIN PWOPRIYETE DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN ETA NEW YORK (NEW YORK STATE DEPARTMENT OF ENVIRONMENTAL CONSERVATION) EPI YO GENDWA REPWODUI LI. SÈL ENFÒMASYON YO PRAL PIBLIYE SE NON, KLAS AK VIL ELÈV LA.

Siyati Elèv la

Siyati Paran/Responsab Legal la

Ekri Non an ak Lèt Detache

Ekri Non an ak Lèt Detache

Dat

Dat

Tache fòm sa a nan do chak afich